

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hirup huripna masarakat moal leupas tina makéna basa, lantaran dina kahirupan masarakat tangtu mikabutuh hiji alat pikeun prosés komunikasi. Alat nu digunakeun pikeun komunikasi téh taya lian iwal ti basa. Salaku alat komunikasi, basa miboga sababaraha karakteristik. Salasahiji karakteristik basa téh nya éta sipatna ngabudaya atawa kultural lantaran basa téh salian ti “unsur” budaya, jadi “wahana” pikeun miara jeung mekarkeun budaya deuih (Sudaryat, 2004, kc. 10). Luyu jeung éta pamadegan, hirup huripna basa téh raket patalina jeung kahirupan sosial budaya masarakat anu makéna.

Basa Sunda mangrupa basa anu aya tur mekar dina kahirupan masarakat Sunda. Ku kituna, jaba ti jadi unsur budaya Sunda, basa Sunda ogé miboga fungsi jadi wahana pikeun miara jeung mekarkeun budaya Sunda. Basa Sunda salaku basa indung masarakat Sunda, kiwari geus loba kapangaruhan ku basa séjén saperti basa Jawa, basa Indonesia, jeung basa deungeun séjénna. Ieu hal téh dilantarankeun ku ayana kamekaran jaman jeung téhnologi anu ngabalukarkeun kahirupan sapopoé urang Sunda pasosok jeung budaya deungeun. Sakumaha nu ditétélakeun ku Sumarsono dina artikel anu judulna ”Asupna Kecap Alanyar kana Basa Sunda: Ngalantarankeun Ramijud atawa Ngabeungharan?” (dina Iskandarwasid, 2007, kc. 37) ieu di handap.

Kahirupan urang sapopoé, kiwari geus pasosok jeung paselup, sabab malah kumaha ogé pamohalan mun rék nutup diri mah. Kahanan masarakat Sunda anu tadina tradisional agraris, ayeuna mah geus teu kitu. Ieu hal geus tangtu gedé rambat kamaléna jeung kahirupan basa anu dipaké ku urang Sunda sapopoé.

Lantaran kahirupan sapopoé masarakat Sunda téh geus pasosok, daék teu daék basa Sunda téh loba pisan narima pangaruh tina basa séjén. Jaman kiwari réa

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

masarakat Sunda nu ngagunakeun leuwih ti hiji basa dina prosés komunikasina, anu ngabalukarkeun ayana kontak basa. Salasahiji fénoména anu mangrupa balukar tina kontak basa nya éta ayana interférensina basa. Biasana interférensina basa dilakukeun ku jalma nu bisa ngagunakeun dua basa (dwibasawan) atawa leuwih ti dua basa (multibasawan). Nu ngabalukarkeun ayana interférensina basa téh nya éta kurangna kamampuh panyatur dina ngagunakeun hiji basa nepi ka bisa kapangaruhan ku basa séjén (Chaer & Agustina, 2010, kc. 120).

Ayana interférensina basa tangtu bakal ngabalukarkeun hiji sistem basa kaganggu, komo deui saupama éta interférensina téh kababawa dina prosés diajar-ngajar. Salasahiji conto ayana interférensina dina prosés diajar-ngajar, bisa katitén tina tulisan siswa hasil observasi panalungtik anu dilakukeun di kelas VII SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Tina hasil observasi panalungtik, kapanggih ayana interférensina basa Indonesia kana basa Sunda dina hasil tulisan siswa boh dina widang fonologi jeung gramatikal, boh dina widang léksika. Salian ti éta, ayana interférensina dina prosés diajar-ngajar ogé bisa katitén tina sababaraha panalungtikan saméméhna anu sarua medar ngeunaan interférensina nu aya dina hasil tulisan siswa.

Aya sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun ngeunaan interférensina basa dina prosés diajar-ngajar di antarana nya éta panalungtikan nu kungsi ditalungtik ku Linda Nurmalasari (2009) anu judulna “Interférensina Léksikal Basa Indonesia jeung Basa Jawa kana Basa Sunda dina Karangan Éksposisi Siswa Kelas VII SMPN 1 Pebayuran Bekasi”, panalungtikan Teten Sutendi (2010) anu judulna “Interférensina Léksikal Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Karangan Pangalaman Siswa Kelas VII SMPN 1 Ciawi Gebang Kabupatén Kuningan”, jeung panalungtikan Arif Taufik R (2013) anu judulna “Interférensina Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Tulisan Otobiografi Siswa Kelas VII SMP Pasundan 4 Bandung”. Salian ti éta aya ogé panalungtikan anu dilakukeun ku Cece Kurniawan (1999) anu judulna “Interférensina Basa Kosta kana Basa Sunda dina Majalah Manglé Taun 1998”. Tapi dina éta panalungtikan mah lain nalungtik

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

interferénsi dina prosés diajar-ngajar tapi nalungtik interferénsi nu aya dina majalah.

Dumasar kana naon nu geus dipedar di luhur sarta nilik kana sababaraha panalungtikan nu geus ditalungtik, ieu panalungtikan ogé nalungtik ngeunaan interferénsi basa dina prosés diajar-ngajar, nya éta nalungtik ngeunaan interferénsi nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Bédana jeung panalungtikan anu saméméhna nya éta dina ieu panalungtikan mah objék anu ditalungtikna nya éta karangan pangalaman pribadi sarta medar ngeunaan interferénsi dina widang fonologi, gramatikal (morfologi jeung sintaksis), jeung léksikal. Ari dina panalungtikan anu saméméhna mah objék panalungtikanana téh karangan éksposisi jeung tulisan otobiografi sarta medar interferénsi dina widang fonologi, morfologi, jeung léksikal wungkul, sedengkeun dina widang sintaksisna teu ditalungtik. Interferénsi dina karangan pangalaman pribadi siswa ogé geus aya nu nalungtik, tapi dina panalungtikan saméméhna mah ngan saukur ditalungtik dina widang léksikana wungkul, sedengkeun dina ieu panalungtikan mah teu ngan saukur dina widang léksika wungkul, tapi dipaluruh ogé iterférensinya dina widang fonologi jeung gramatikalna. Sakumaha saran Sutendi dina skripsina (2010, kc. 79) anu ngébréhkeun yén kudu aya panalungtikan anu leuwih lega ngeunaan interferénsi basa, sabab ngukur interferénsi téh lain tina widang léksikal wungkul.

Karangan pangalaman pribadi dijadikeun objék dina ieu panalungtikan lantaran dina nulis pangalaman pribadi mah siswa bisa ngébréhkeun pamikiranana dumasar naon-naon nu geus kaalaman ku sorangan, biasana ari ngeunaan pangalaman pribadi mah siswa bisa leuwih bébas dina nepikeun pamikiranana nepi ka bisa katitén kumaha kamampuh jeung kaparigelanana dina ngagunakeun basa Sunda. Salian ti éta dina nulis karangan pangalaman pribadi leutik kamungkinanana pikeun siswa silih turun jeung babaturanana, lantaran pangalaman hiji jalma tangtu béda jeung jalma séjénna. Ku kituna, bakal katitén bédana kamampuh unggal siswa dina ngagunakeun basa Sunda. Anapon siswa nu ditalungtikna nya éta kelas VII, lantaran dina KIKD kurikulum 2013 pangajaran

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nulis karangan pangalaman pribadi téh aya di kelas VII, nya éta aya dina KD 7.4.4 anu unina “*Menyusun dan menanggapi teks pangalaman pribadi sesuai dengan kaidah-kaidahnya*” (Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2013, kc. 27). Ku kituna, ieu panalungtikan téh dijudulan “*Interférénsi Basa Indonesia kana Basa Sunda dina Karangan Pangalaman Pribadi Siswa Kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung Taun Ajaran 2014/2015.*”

1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Inteférénsi nya éta digunakeunana unsur basa séjén dina hiji basa anu dianggap salasahiji kasalahan lantaran méngpar tina aturan atawa kaidah hiji basa. Ambahan interférénsi anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta interférénsi dina tataran fonologi, gramatikal (morfologi jeung sintaksis), jeung léksikal.

Karangan pangalaman nya éta ébréhan eusi pikiran ngeunaan hiji kajadian anu geus kalakonan, karandapan, jeung kasaksian dina hiji waktu. Ambahan karangan pangalaman anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

Dumasar kana idéntifikasi masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015?
- b. Wangun interférénsi naon waé nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun meunangkeun gambaran objéktif ngeunaan interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015. Ari tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun:

- a. interférénsi basa Indonesia kana basa Sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015; jeung
- b. wangun interférénsi nu aya dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII-7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014/2015.

1.4 Mangpaat panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban deui élmu sosiolinguistik hususna dina widang interférénsi basa.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun sababaraha pihak, di antarana waé:

- a. pikeun panalungtik, dipiharep bisa ngeuyeuban deui kaweruh ngeunaan makéna basa dina karangan;
- b. pikeun guru, dipiharep bisa méré gambaran sangkan guru bisa nangtukeun léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun dina ngalatih siswa ngagunakeun kaédah basa Sunda hususna dina pangajaran aspék nulis;
- c. pikeun siswa, dipiharep bisa méré gambaran ka siswa ngeunaan basa Sunda nu bener, nu luyu jeung kaédah katatabasaan basa Sunda.

1.5 Sistematika Tulisan

Denis Erla Bayu, 2015

Interferensi basa Indonesia kana basa sunda dina karangan pangalaman pribadi siswa kelas VII - 7 SMP Negeri 43 Bandung taun ajaran 2014 / 2 015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ieu di handap diébréhkeun ngeunaan raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I bubuka, anu medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika tulisan.

Bab II ulikan pustaka, eusina ngeunaan tiori interférénsi, tataran basa minangka dasar interférénsi, jeung karangan pangalaman pribadi; panalungtikan saméméhna; jeung kalungguhan tioritis panalungtik.

Bab III métode panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, ngumpulkeun data, jeung analisis data hasil panalungtikan.

Bab IV hasil jeung pedaran, anu eusina ngawengku hasil panalungtikan, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V kacindekan jeung rékoméndasi. Kacindekan mangrupa intisari tina sakabéh pedaran. Ari subbab rékoméndasi ditepikeun ku nu nulis ka nu maca sangkan ieu skripsi méré mangpaat pikeun ka hareupna.